



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 1ye out 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LWA SOU AGRANDISMAN BAZ DONE A ANVIGÈ JODI A

Nouvo Lwa a ap Ogmante Aksè nan Tès ADN ak Dekouvèt pou Akize yo tou

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvo lwa k ap ogmante Baz Done ADN Eta New York pou mande tout moun yo kondane pou nenpòt krim oswa deli Lwa Kriminèl pou bay yon echantiyon ADN yo anvigè kounye a.

Nouvo lwa a gen ladan tou plis aksè nan konparezon Baz Done ADN pou sèten moun ki akize kòm kriminèl, pou pèmèt yo jwenn tès ADN anvan pwozè oswa apre yon antant pou yo rekonèt yo koupab pou montre inosans yo. Answit, lwa a prevwa pi plis aksè nan dekouvèt prèv apre kondanasyon kote yo reklame inosans.

Gouvènè Cuomo di konsa, “New York se premye eta ki ogmante Baz Done ADN li anpil konsa, yon fwa ankò li pran devan pou rès nasyon an. Nouvo lwa sa a pral amelyore efikasite ak onètete sistèm jistis kriminèl eta a lè li itilize teknoloji pisan sa a nan tout kapasite li. Agrandisman sa a pral ede rezoud ak anpeche krim, bay jistis pou viktim yo, epi pwouve inosans pou moun yo mal kondane – epitou apre tout bagay lwa a ap fè katye nou yo gen plis sekirite pou Nouyòkè yo.”

Anvan lwa sa a, Eta New York te pèmèt yo pran ADN nan sèlman 48 pousan kriminèl yo te kondane pou yon krim dapre Lwa Kriminèl, ki te gen ladan sèlman moun yo te kondane pou yon krim, oswa youn sou 36 deli dapre Lwa Kriminèl la. Apati jodi a, y ap pran echantiyon ADN sou nenpòt moun yo kondane pou yon deli dapre Lwa Kriminèl oswa pou yon krim nan nenpòt lwa eta a - tankou krim moun fè lè y ap kondi pandan yo sou anba Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon Machin.

Sekretè Adjwen pou Sekirite Piblik, Elizabeth Glazer, di konsa, “Agrandisman Baz Done ADN se te potomitan pwogram lejislatif ane 2012 Gouvènè Cuomo, paske li te konprann enpòtans teknoloji sa a. Nouvo lwa sa a pral ede anpeche kriminèl yo fè zak sou lòt moun, epi l ap ede lapolis jwenn vrè moun ki fè krim nan, kidonk sistèm jistis kriminèl New York kapab jwe wòl sa a pi byen.”

Manm Komisyon Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (DCJS), Michael C. Green, di konsa, “Moun pami nou ki te pase karyè nou devan liy pou batay kont krim te konnen nou pa t gen posiblite

Haitian Creole

pou trennen kriminèl yo devan lajistis pi vit, epi sa te ka anpeche yo fè plis viktim. Teknoloji ADN ap prevwa yo lage moun yo mal kondane, epi li se yon zouti ankèt pisan pou ede lapolis idantifye avèk prezizyon moun ki fè krim yo san pèdi tan.”

Sipè-Entandan Lapolis Eta New York, Joseph A. D’Amico, di konsa, “Teknoloji ADN chanje sistèm jistis kriminèl la nan Eta New York. Yo pa t mete non anpil kriminèl ki te fè pi piti krim nan Baz Done a. Kounye a, agrandisman Baz Done ADN nan, pou ajoute tout krim yo, ap bay lapolis lòt zouti k ap pwouve li enpòtan pou rezoud krim kriminèl yo fè ankò, lage inosan yo, epi fè kominote nou yo gen plis sekirite.”

Answit, lwa a pa retwo-aktif, epitou li pa aplike pou timoun ki konsène nan zafè Tribinal Fanmi oswa pou jèn delenkan yo. Answit, delenkan lajistis kondane pou premye fwa poutèt yo genyen yon ti kantite mariwana (Seksyon 221.10 Lwa Kriminèl la) p ap gen obligasyon pou bay yon echantiyon ADN.

Prelevman yon echantiyon ADN se pa yon pwosesis chirijikal: delenkan ki kondane yo fwote andedan jou yo avèk yon tanpon. Sant Ankèt Kriminèl Lapolis Eta New York itilize yon pwosesis otomatik pou konvèti sibstans sa a an yon pwofil nimerik, ki sitou inik pou delenkan an. Yo itilize pwofil la sèlman pou asosye delenkan ki kondane yo avèk prèv yo jwenn nan yon sèn krim, epitou yo asosye krim ki ka konsène menm delenkan an. Yo pa kapab itilize pwofil la pou okenn lòt rezon paske yo pran ADN nan kote ki sou mèch ki pa kapab idantifye ras, aparans, sante oswa konpòt man moun nan.

Depi kreyasyon li nan ane 1996, Baz Done ADN te ede pwokirè Eta New York yo jwenn prèske 3.000 kondanasyon, tankou nan 1.470 ka vòl avèk zam, 626 ka kadejak, ak 202 ka ansasinay. Prèv ADN te ede lage 27 Nouyòkè tou, ak eskli yon pakèt lòt sispisyon, souvan nan premye etap ankèt yo.

Avèk plis echantiyon delenkan y ap pran, chans pou yo rezoud plis krim ap ogmante, k ap kòmanse avèk nouvo echantiyon y ap konpare avèk plis pase 40.000 echantiyon nan kote krim yo fèt – chak reprezante yon krim yo pa rezoud – pou kounye a nan Baz Done ADN eta a.

Sant Ankèt Kriminèl Lapolis ki nan Albany se kay pou Baz Done eta a, epi Biwo Sèvis Lamedsin Legal DCJS fè sipèvizyon administratif Baz Done a. Sant Ankèt Kriminèl Lapolis kapab travay sou 10.000 echantiyon ADN kriminèl yo kondane chak mwa. Agrandisman sa p ap kreye yon reta.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418